

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

YO NONMEN MYRNA L. BETANCOURT MEYÈ PWOFESÈ M-DCPS POU ANE A, ANGELINA FULCHINI SE GAYAN PRIM MEYÈ PWOFESÈ DEBITAN

Yo nonmen Myrna L. Betancourt, yon pwofesè kuizin lekòl adilt/vokasyonèl nan South Dade Educational Center, Meyè Pwofesè Ane 2015 Francisco R. Walker pou Miami-Dade County.

Senk finalis te nan konpetisyon ane sa a pou tit dezire sa a, ki gen ladan yon moun yo nonmen nan chak twa rejon Distri a, youn nan Biwo Transfòmasyon Edikasyonèl e youn nan Edikasyon Altènatif.

Betancourt, ki te pase de (2) deseni kòm yon travayè sosyal nan Chicago, t ap dirije youn nan pwogram vokasyonèl Lekòl Leta Miami-Dade County ki fè plis siksè nan sis dènye ane yo. Li fè kuizin lekòl li a tounen yon salklas ki ka transfòme moun, kote jèn elèv adilt yo, anpil nan yo ki sanzabri e san travay, ap rebati lavi yo. Li kreye "Café Du Jour" (Kafe Jounen an) pou bay elèv yo fòmasyon pratik nan ar kilinè nivo mondyal ak ospitalite. Elèv li yo patisipe nan plizyè konpetisyon lokal ak evènman restorasyon pou yo ka devlope ladrès mond reyèl pa yo e ofri yo opòtinite pou konekte avèk anplwayè potansyèl. Moun ki pran dezyèm plas la se Nichole Anne Dino nan Lekòl Segondè Miami Carol City.

Yo rekonèt tou meyè pwofesè debitant yo. Yo nonmen Angelica Fulchini, yon pwofesè nan Lekòl Elementè Frederick Douglass, Meyè Pwofesè Debitan pou Ane a. Victoria R. Jarrett, yon pwofesè nan Lekòl Mwayen W.R. Thomas, se dezyèm Meyè Pwofesè Debitan pou Ane a.

POU TWAZYÈM ANE KONSEKITIF, LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY RESEVWA PLIS PRIM "MERIT" POU LEKÒL MAGNÈT NASYONAL PASE NENPÒT LÒT DISTRI NASYONALMAN

"Magnet Schools of America (MSA)", yon òganizasyon nasional ki reprezante plis pase 4,000 lekòl ak pwogram magnèt, rekonèt lekòl magnèt yo anyèlman pou angajman yo nan estanda akademik wo, inovasyon nan kourikoulòm, efò desegregasyon/divèsite ki gen siksè, pèsonèl ansèyman espesyalize, e patisipasyon paran ak kominote. Ane sa a, 76 lekòl atravè Etazini te resevwa prim dezirab "Magnet Schools of Excellence Merit Awards," kote yo te bay Lekòl Leta Miami-Dade County 13 ladan yo. Anplis, lekòl magnèt Miami-Dade County te resevwa 12 sou 94 "Magnet Schools of Distinction Merit Awards." An total, Lekòl Leta Miami-Dade County te resevwa 25 prim. Pou twazyèm ane konsekatif, M-DCPS depase pèfòmans tout lòt distri lekòl atravè peyi a.

Pwogram lekòl magnèt yo ofri kou etid san parèy ki konsantre sou enterè espesyal, talan, ak kapasite elèv yo e yo disponib nan sis tèm etid: Karyè ak Pwofesyon; Edikasyon Entènasyonal; Ar Liberal (konesans jeneral); Matematik, Syans, ak Teknoloji; "VPrep" (Pwogram sou Entènèt); ak Ar Vizyèl ak Ar Pèfòmans. Aktyèlman, gen plis pase 55,000 elèv ki enskri nan 375 pwogram magnèt yo ofri nan plis pase 100 lekòl atravè tout distri a. Pou plis enfòmasyon, ale nan: miamimagnets.org

Kenbe Paran yo Enfòme e Konekte

CARVALHO NAN MIAMI-DADE SE MEYÈ SIPÈENTANDAN NASYONAL POU ANE A

AASA, Asosyasyon Sipèntandan Lekòl yo, anonse a yo chwazi Sipèntandan Lekòl Leta Miami-Dade Alberto M. Carvalho kòm Meyè Sipèntandan Nasional pou Ane a. Yo te fè anons la nan konferans nasional òganizasyon an nan Nashville, TN.

An desanm, "Florida Association of District School Superintendents (FADSS)" (Asosyasyon Sipèntandan Distri Lekòl Florid) te nonmen Carvalho kòm Meyè Sipèntandan Florid pou Ane a, pou reprezante Eta "Sunshine" pou konsiderasyon kòm meyè sipèntandan nasional pou ane a. Carvalho te pamí kat finalis ki te an konpetisyon pou onè rechèche sa a. Ane sa a make 27yèm anivèsè pwogram nan ki rekonèt lidè sistèm lekòl atravè peyi a.

Carvalho di, "Nominasyon mwen kòm Meyè Sipèntandan pou Ane a se vrèman yon gwo onè, men mwen reyalize li pa sèlman yon onè pou mwen... Rekonesans jodi a reflete devouman, sakrifis, ak travay chak manm nan fanmi edikasyon nou an, ansanm ak gidans e direksyon Komisyun Konsèy Lekòl nou an, e mwen pataje prim sa a ak chak pwofesè, elèv, anplwaye, ak patnè kominotè Lekòl Leta Miami-Dade County."

Sa fè sèlman yon ane, yo te onore Lekòl Leta Miami-Dade County avèk twa prim nasional san presedan, ki gen ladan Prim "Broad" pou Edikasyon, Meyè Distri AP pou Ane a, ak Meyè Sipèntandan Nasional AASA pou Ane a.

Pwogram Meyè Sipèntandan Nasional AASA pou Ane a ouvè pou tout sipèntandan Etazini ki gen plan pou kontinye nan pwofesyon an. Yo te mezire aplikan ak finalis yo daprè kritè sa yo:

- Gouvènans pou aprantisaj – kreyativite nan rive satisfè bezwen elèv nan sistèm lekòl la.
- Kominikasyon – fòs nan toude, komunikasyon pèsonèl e òganizasyonèl.
- Pwofesyonalis – amelyorasyon konstan nan konesans ak ladrès administratif, pandan li ap ofri opòtinite pou developman pwofesyonèl ak motivasyon pou lòt moun nan ekip edikasyon an.
- Patisipasyon kominotè – patisipasyon aktif nan aktivite kominote lokal e yon konpreyansyon sou zafè rejononal, nasional ak entènasyonal.

DAT POU NOU SONJE

26 me – Obsèvans Jounen Memoryal

5 jen – Dènye Jou Lekòl

6 jen - Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

PREZIDAN OBAMA VIZITE YON LEKÒL SEGONDÈ M-DCPS, LI FELISITE GWO TRAVAY DISTRI A

Prezidan Barack Obama ak Premyè Dam Michelle Obama te vizite youn nan lekòl segondè wo nivo peyi a, Lekòl Segondè Coral Reef Miami-Dade County a, e li te sèvi ak okazyon an kòm yon opòtinite pou ranfòse enpòtans pou sipòte inisyativ edikasyon e elaji opòtinite pou elèv ki pa gen gwo mwayen ale nan kolèj. Prezidan Obama te fè remak sou travay ekselan Lekòl Leta Miami-Dade County nan leve pèfòmans akademik elèv e nan fè l posib pou pi gwo pousantaj elèv ki pa gen gwo mwayen gradye e ale nan enstisyon edikasyon siperyè. Prezidan an te rekonèt tou Meyè Sipèntandan Nasyonal pou Ane a Alberto Carvalho pou siksè remakab li nan Lekòl Leta Miami-Dade County.

Vizit ak remak Prezidan Obama yo se te yon opòtinite tou pou ankouraje elèv lekòl segondè ki pral nan kolèj pou yo ranpli "Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)" (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv). Prezidan Obama te anonsé yon nouvo Inisyativ pou Ranpli FAFSA pou bay plis Ameriken opòtinite pou yo jwenn mwayen, ale e gradye nan kolèj. Ranpli FAFSA se premye etap nan ede elèv finanse rèv yo pou ale nan kolèj.

YO NONMEN LEKÒL MWAYEN G.W. CARVER KÒM YON GAYAN GRAN PRIM NAN KONPETISYON SAMSUNG "SOLVE FOR TOMORROW"

Yo nonmen Lekòl Mwayen G.W. Carver kòm youn nan senk gayan gran prim nan konpetisyon Samsung 2014 "Solve for Tomorrow" (Solisyon pou Demen). Yo te kreye konpetisyon an an 2010 pou ogmante konsyantizasyon ak enterè nan "Science, Technology, Engineering, and Mathematics (STEM)" (syans, teknoloji, jeni, ak matematik) pami elèv lekòl leta nan Etazini. Yo te chwazi gayan yo pami plis pase 2,300 elèv nan tout peyi a.

Patisipan yo te gen kòm defi pou yo aplike sa yo aprann nan salklas pou rezoud pwoblèm nan kominote yo e kreye vidyeo pou montre solisyon pou defi sa yo. Videyo Lekòl Mwayen Carver te prezante a te gen tit, "Old Smokey's Dirty Secret", ki detaye kijan elèv jwenn enspirasyon pou yo chèche evidans syantifik pou atire atansyon sou yon defi anviwònmantal nan kominote a, ansyen ensineratè fatra vil la, yon fason pou yo ankouraje publik la aji.

Lekòl Mwayen Carver genyen Prim Chwa Kominotè a avèk prèske 11,000 vòt publik sou Entènèt. Kat lòt lekòl ki genyen gran prim yo lokalize nan Montana, New Jersey, Pennsylvania, ak Washington. Senk gayan nasyonal yo te resevwa yo chak, pwodui teknoloji pou plis pase \$140,000 tankou tablo entèraktif ak laptòp. Depi 2004, pwogram edikasyon Samsung ofri plis pase \$13 milyon nan pwodui teknoloji bay plis pase 500 lekòl leta nan Etazini.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

18 jen	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
16 jiyè	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
24 jiyè	6:00 diswa	Premye Odyans Piblik sou Bidjè e Adopsyon Pwovizwa Ogmantasyon Taks sou Pwopriyete ak Bidjè Anyèl

M-DCPS ONORE MEYÈ DIREKTÈ, SOU-DIREKTÈ POU ANE A

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te onore meyè direktè ak sou-direktè li yo nan seremoni prim "Dade Association of School Administrators (D.A.S.A.)" (Asosasyon Administratè Lekòl nan Dade) te patwone, 20 mas nan Jungle Island. Jose Bueno, ki ap sèvi kòm direktè nan Lekòl Segondè Hialeah-Miami Lakes, se gayan pou meyè Direktè nan Distri a pou Ane a.

Bueno, ansyen elèv Lekòl Leta Miami-Dade County, sèvi kòm administratè nan plizyè lekòl, kòmanse depi 1997. Li rale Lekòl Segondè Hialeah-Miami Lakes soti nan "D" rive nan "B." Li te yon pwofesè pou Syans Sosyal pandan katran anvan li te vin Sou-Direktè nan Lekòl Mwayen Citrus Grove.

Yo te rekonèt Lisset Vazquez-Rios, nan Lekòl Segondè Southwest Miami kòm Meyè Sou-Ditektris pou Ane a. Vazquez-Rios te sèvi kòm Sou-Direktris pandan 5 ane. Resamman yo vin nonmen li Direktris nan Bowman Ashe/ Howard Doolin "K-8 Academy" (Akademi Jadendanfan rive Uityèm Ane Eskolè).

Meyè Direktè pou ane a resevwa \$3,000 e Meyè Sou-Direktè pou ane a resevwa \$2,000. Patwonè ki bay plis kach pou prim yo se AXA-Equitable ak Wells Fargo. Gayan yo resevwa tou don kòbèy ki sòti nan men patwonè evènman an ki gen ladan: 94th Aero Squadron, Britto Central Inc., Compass Learning, EdGenuity, Herff Jones, Marco Island Marriott, Marco Polo Beach Resort, Miami Children's Museum, Miami Marlins, Miami Seaquarium, Nova Southeastern University, Voyager Sopris, Seasons 52, Smith & Wollensky, Newport Beachside Hotel ak Coco Key – Orlando.

Nan seremoni an tou yo te rekonèt Kelly Hunter-Sheppard ki nan Sant Leisure City K-8 Center, ki te pran dezyèm plas prim Meyè Direktè pou Ane a ak Lenore J. Dawkins nan Lekòl Segondè Miami Central, ki pran dezyèm plas kòm Meyè Sou-Direktè pou ane a.

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Carlos L. Curbelo

Doktè Wilbert "Tee" Holloway

Doktè Martin Karp

Doktè Marta Pérez

Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho

Sipèntandan Lekòl yo

Krisna Maddy

Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a

John Schuster

Direktè Administratif

